Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 4 (9963) 26 январь 2024 с. / Рузман 15 ражаб 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## «ГьитIинаб ВатIан-Россиялъул къуват» Форумалда…

15 январалда, тIадехун рехсараб цIаралда гъоркь, Москваялда байбихьана ТIолгороссиялъул муниципалияб форум.

Россиялъул Федерациялъул Президент В.В. Путинил тIадкъаялдалъун тIобитIараб гьеб тадбир гIуцIиялъул мурадлъун букIана, кIвар цIикIкIарал ва цогоял къиматал рахъазул кьучIалда, жамгIияталъегун пачалихъалъе хъулухъ гьабиялъул рахъал лъикIлъизари, муниципалияб жамгIияб цолъизаби ва муниципалияблъун кколеб хъулухъалъул къимат борхизаби.



Россиялъул 89 субъектаздаса 7500-ялдаса жидер къадар цIикIкIарал вакилзаби гIахьаллъараб гьеб данделъиялда, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул нухмалъиялда, нилъер районалдаса делегацияги гIахьаллъана.

Ишалъулаб программаялъул кьучIалда тIобитIараб гьеб форумалда, узухъда, рукIана батIи-батIиял данделъаби, аслияб къагIидаялда, гьел *«ГIадамазулъ-къуват»*, ва *«ЦеретIеязулъ -къуват»* темабазда тIоритIана.

ТIолгороссиялъул бакIазе нухмалъи цебетIезабиялъул ассоциациялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб тадбиралда цере рахъана 250 эксперт, гьединго, хал гьабуна ВАРМСУялъул 5 проекталъул.

Гьеб форум тIобитIиялда хурхун, жиндиего гьабураб асаралъул хIакъалъулъ ХI. Мусаевас абуна: *«Узухъда, аслияблъун гьеб тадбиралда букIана Президент В.В. Путинилгун дандчIвай.*

*Гьесул кIалъаялъулъ букIана гъваридаб магIна ва Россиялъул халкъалъул ругел хьулал ричIчIин. Божи лъола гьеб тадбир гьенир гIахьаллъаразе цIикIкIараб пайда кьураблъун букIараблъиялда.*

*Дица, нилъер районалъул делегациялда гIахьаллъаразул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго республикаялъул бетIер Сергей Меликовасе гьеб форумалда гIахьаллъизе нижее рес кьуралъухъ»*,-ан.

***«Салатавия» сеталдаса босараб***

## Аппараталъул данделъиялда…

22 январалда, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Зикрула Эмеевасул нухмалъиялда, администрациялда тIобитIараб аппараталъул данделъиялда гIахьаллъана управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Гьеб данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана нилъер районалдаса делегация *«ГьитIинаб ВатIан-Россиялъул къуват»* Форумалда гIахьаллъиялда, экономикаялъулгун социалиял рахъал церетIезариялъул отделалъул хIисабкьеялда, район, гьоркьобкъотIи гьечIого, токалдалъун хьезабиялда, законалде данде кколеб къагIидаялда, бакI-бакIазде газ бачиналда, районалъул администрациялъул, гьелъул ведомствоялде кколел гIуцIабазул хIалтIухъабаз налогазул налъаби рецIиялда ва Россиялъул Федерациялъул законазул цо-цо актазда гьарурал хиса- басиял районалда тIуразариялъул хIасилазда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе яхъарай администрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана Москваялда, *«ГьитIинаб ВатIан-Россиялъул къуват»* цIаралда гъоркь, тIобитIараб Форумалда нилъер районалъул делегация гIахьаллъиялъул, гьеб гIуцIиялъе рукIарал гIиллабазул ва ккарал хIасилазул.

КIиабилеб суалалда хурхараб кIалъаялда Юсуп Агиевас гьениб бицана 2023 соналъ жинца нухмалъи гьабулеб отделалъ гьабураб хIалтIул, ккарал церетIеязул, дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Гьес абуна: *«Районалъул экономика цебетIезабиялъулъ кIудияб бутIа лъуна инвестицияз ва гьезул къадар 2 млрд.128 млн. 55 азарго гъурщиде бахана. Гьединго, гIуцIабазул хIалтIухъабазул мухьги цIикIкIана. Араб соналъул киналниги налогал рачIинги 100% тIурана»*, -ян.

Юсупица цифрабаздалъунги таблицаялдалъунги гьенир рихьизаруна экономика цебетIезабиялъулъ, налогалгун гьел гурел хайирал районалъул бюджеталде рачIинариялъулъ, буголъиялъул налогазул налъаби рецIиялъулъ законалде данде кколареб предпринимательство рагьараблъун букIинабиялъулъ ва тIоритIулел ишалъе инвестициял цIаялъулъ ругел церетIеялги захIмалъабиги.

Гьес гьабураб хIисабкьеялда хурхун, З.Эмеевас абуна: *«Районалъул экономикагун социалияб рахъал церетIезариялъе араб соналъ цере лъун рукIарал масъалаби, аслияб къагIидаялда, тIуразарун рукIиналъе нугIлъун ккола мугIрузда цересел районазда гьоркьоб нилъер районалъе кIиабилеб бакI щвей»*,-ан.





Лъабабилеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна Севериял районазул токил сетазул начальник Рашид МухIамадовас.

Гьес абуна: *«ГьоркьобкъотIи гьечIого, араб соналъ районалда ток чIезабиялъе рукIарал тIадеросиял тIубанго бетIералде рахъинаризе кIвечIо, гьедин ккеялъе гIиллабилъун хIажатал материалалги къайи-цIа щунгутIиги рукIана.*

*2024 соналъ районалда, гьоркьобкъотIи гьечIого, ток чIезабизелъун, гьелъул къуват букIине кколеб къагIидаялде бачинелъун, басриялги хисун, цIиял ва къуватал трансформаторал лъезеги мухъалгун хIубал хисизеги руго.*

*Цоги, нижер хIалтIуе квекIен гьабулеблъун специалистал гIунгутIи ккола, хIалтIизе нижехъе рачIунез, хIалтIул захIматалъухъ балагьун, кьолеб мухь дагьаб букIин рехсолебги буго. Нижее нухмалъулез харжал цIикIкIинариялъе ресал ралагьулелги руго»*,-ян.

Узухъда, районалъул гIадамазда цIакъ лъикI лъала ток чIезабиялъулъ районалда бугеб хIакъикъат. Заман букIуна, сордо-къоялда жаниб, токил бачIин цо чанго нухалда гьоркьоб къотIулеб, гьелъул къуват гIунгутIиялъ токил алатал хIалтIулареб, гьава-бакъ хисараб заманалда мухъал тIолеб, хIубал герегулеб ва цогидалги лъугьа-бахъинал кколеб. Гьелъ, жавабиял хIалтIухъабаз, росабазул бутIруз, ток чIезабиялда хурхун, Рашидие гIезегIанал суалал кьуна.

Рашидица росабазул бутIрузда гьарана, хIалтIухъаби гьечIеблъиялде балагьун, жидецаго бакIазда хIалтIаби гьарулеб заманалда кумекалъе гIадамал рачIиналъе квербакъеян.

Гьеб суалалда тIасан гьабураб жиндирго кIалъаялда З.Эмеевас росабазул бутIрул, ток бакIазда букIинабиялда хурхун, гьелъие хIажатабщинаб лъазабиялде ва гьелда хурхараб материал «Дагэнерго» гIуцIиялда цебе бахъиялде ахIана.

БакI-бакIазда, законалде данде кколеб къагIидаялда, газ чIезабиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицен гьабуна бакIалраялъулгун архитектураялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас.

Гьес абуна: *«Жидер бакIазде газ бачейилан гIарза кьуразул къадар 117-ялде бахуна. Гьезул 115 гIарза къабул гьабуна, хIажатал документал хIадуриялъулъ гъалатIал риччан рукIиналъ, кIигояб нахъчIвана. Газ бачиналда тIад гьаб заманалда, гIарцул сурсатал гьечIолъиялъ, хIалтIи гьабулеб гьечIо»*,-ян.

Налогазул налъаби рецIиялда, хъвай-хъваялда рукIинчIел объектал хIисабалде росиялда, миллияб информациялъул системаялде хIажатал баянал кьеялда сверухъ бугеб ахIвал- хIалалъул баян данделъаразе Юсуп Агиевасги, ХIамзат ХIадаевасги, ракьулгун гьорлъабазул, муниципалияб буголъиялъул отделалъул начальник Мансур Эмеевасги кьуна.

Данделъиялъул ахиралда УСХялъул директорасул заместитель Хункарби МухIамадхIабибовас гьениб бицана РФялъул росдал магIишаталъул министерствоялъ, росабазул, гьезда сверухъ бакIазул гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъе хIадурараб программаялъул, ва, гьеб гIуцIаразул пикруялда рекъон, гьелъ росабалъа гIадамал къватIирехун хIалтIизе ине ккей дагьлъизабиялъе квербакъизе бегьулеблъиялъул.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Методикиял цолъабазул данделъабазда…
гъум. 3 ЖамагIаталъул баркалаялъе мустахIикъав
гъум. 4 Спорт

# КIудияв шагIиргун букIараб хадусеб дандчIваялда…

**«Чапар» газета цIалулезда ракIалда батила, «КIудияв шагIиргун дандчIваязда…» цIаралда гъоркь, араб соналъул 15 сентябралда къватIибе лъугьараб газеталда дир макъала букIараблъи.**

Гьаниб дие бокьун буго, тIоцересел дандчIваял рукIаралдаса гIезегIанал сонал ун хадусан, Расул ХIамзатовгун ккараб цоги дандчIваялъул хIакъалъулъ бицине. Гьеб дандчIваялда дие баянлъана, цогидал лъикIал рахъазде тIаде, шагIирасулъ цIикIкIараб ракIалдачIей букIинги. Гьелъул хIакъалъулъ бицине байбихьилалде, дие бокьун буго Расулилгун хадусеб дандчIвай ккеялъе гIиллалъун букIаралъул хIакъалъулъ цодагьабго баян кьезе.

Школалда цIалулеб заманалда, суратал рахъиялъул дарсал дие цIакъ рокьулаан. Дол соназ гьел нижее Сулайман Бибиевас (ж.м.ч.) кьолаан. Гьезда тIадеги, гьес гьеб бокьулезе хасаб кружокги гIуцIун букIана. Гьенир Сулайманица нижеда малъулаан сурат бахъиялъул, кагътида, ххамида тушал, гуашал, краскаби ва гьел гурел цогидал хъвадариялъул алатал хIалтIизариялъул къагIидабиги.

МахIачхъалаялда цIалиги лъугIизабун тIадвуссарав дие школалда хIалтIизе бакI щвечIо. Рукъалъул магIишаталдаса эркенаб заманалда дун КБОялъул художественнияб мастерскаялде унаан. Гьенир дол соназ хIалтIулел рукIана махщел бугел художникал: ХIабибула ГIабдулгIазизов, ГIабдулгъапур ЛахIитов (ж.м.ч.) ва гьанже МахIачхъалаялда яшав гьабун вугев Ибрагьим ГIазаев. Дица гьезие бажарараб кумек гьабулаан, гьезги хIаракат бахъулаан хIалтIулъ дандчIвалел захIматал ва дие жеги балъгояллъун кколел рахъал дие рагьизе.

Цо къоялъ гьениве щварав дида Ибрагьимица абуна:

*«МухIамадкамиль, нилъер военком кIиго нухалда вачIана нижехъе рагъулаб комиссариаталда бугеб Ленинил рукъ къачIазе кумек хIажат бугилан, амма нижер заказал гIемер руго, ва гьелда тIад хIалтIизе нижер рес гьечIо. Нижеца хIажатал малъа- хъваялги гьарила, мун щай гьениве унарев?»*-ан.

Дун гьесухъе ана. Гьес дида абуна: *«МухIамадкамиль, лъикI букIинародай, Хасавюрталдеги ун, гьелъул комиссариаталда бугеб Ленинил рукъалъул хал гьабуни»,* -ян.

Ниж гьенире ана, дица гьениб нижее хIажатабщиналъул халги гьабуна. Гьебго къоялъ дун военкоматалда цебе гIуцIун букIараб ГОялъул (Гражданияб оборона) отделалъул начальниклъунги тIамуна. Гьелдаго цадахъ, дица Ленинил рукъ гIуцIиялъул хIалтIабиги гьарулел рукIана.

Цо къоялъ военкомас дида абуна: *«Дун метер МахIачхъалаялде ине вуго, дурго 3-абилеб кварталалъул хIисабкьейги босун, мун гьенив вачIани, лъикIаб букIина»,* -ян.

Нух теялъе бицунеб харбилъ дица гьесие гьаб макъалаялъул байбихьиялда рехсараб макъалаялда хъван букIаралъул бицана. Нижер рещтIен «Каспий» гостиницаялда букIана. Военкомас дида абуна: *«Гьанир дир гIемерал гьалмагъзаби руго,щиб лъалеб, гьел дихъе рачIине бегьула ва дун гьезда дандчIвай гьабизе хIадур вукIине ккола»,*-ян.

Гьединги абун, гьес цо чанго батIи-батIияб гьекъолеб жоялъул шиша холодильникалъуб лъуна. Цо къоялъул бакъанида, Расул ХIамзатовги цадахъ вачун, военком номералъуве лъугьун вачIана, ва гьес Расулида абуна: *«Расул ХIамзатович, гьале доб дица дуе хIадурараб ва дуда ракIалдацин букIинчIеб сайгъат»,* -ан.

Гьединги абун, военкомас дидехун квер битIана. Расулица, саламги кьун, дир квер босана ва гьев дида гьикъардана. Военкомас, цо шишаги конфетазул гъутухъги столалдаги лъун, Расулида бихьулареб къагIидаялда, дида квен-тIехалда хадув ине кколеблъи бичIчIинабуна.

Дун гостиницаялда букIараб буфеталде ана. Гьенив дида ватана дунгун цIалулев вукIарав Унсоколо районалдаса ХIамзат ГъазимухIамадов.

Гьикъа-бакъияздаса хадуб баянлъана гьев районалъул культураялъул отделалъул начальниклъун вукIин ва гьесул хIалтIухъаби Авар театралда концерт кьезе рачIун рукIин.

Дицаги, къокъгьабун, гьесие гьениве ккеялъул гIилла бицана, ва, рекIелъ чIухIигун, гьесда *«Нижер гьоболлъухъ Расул ХIамзатов вуго»,* -ян абуна. Ниж ругеб номерги цIехон, гьес абуна: *«Дун кватIичIого щвела»,* -ян.

ТIадвуссун гIемераб заман бахъилалде, нижер номералъуре рачIана тIадехун рехсарав ХIамзатги дида жеги вихьичIев цо чиги. Военкомас, дида вихьичIесда кверги битIун, абуна: *«Гьав ккола дир гьудул, гьаб гостиницаялъул директор ГIумар ХIасанов»,* -ан.

Гьев вукIун вуго цеве нилъер районалда батIи-батIиял хъулухъазда вукIарав, гIемерал соназ чанахъанлъиялъул районаздагьоркьосеб обществоялъе нухмалъи гьабурав Наби ХIасановасул вас, хIалхьиялде вугев лётчик ва подполковник.

Гьенир рукIаразулги ХIамзатилги лъай-хъвай дицаги гьабуна. Метер къаси ХIамзатица нилъ жидерго концерталде ахIулел ругилан абурабго, гьес нижехъе гьенире къабул гьарулел рукIиналъул билетал кьуна. Гьеб концерталъе байбихьи гьанибго лъезе лъикIаб букIинарищан военкомас абидал, ГIумарица абуна: *«Гьаниб иш тIубаларо, рачIа фойеялда данделъизе»,*-ян.

КочIол гьаркьал рахъарабго, гьенире цогидал номераздаса гIадамалги ракIарана, жеги къватIисаги рачIана. КучIдул ахIун лъугIарабго, «сценаялдеги» вахун, военкомас абуна: *«Гьалмагъзаби, гьанже нужее Расулил «МагIарул мацI» абураб кечI рикIкIине буго Казбек районалъул Дилим росулъа МухIамадкамиль Загьидовас»,* -ан.

Щибго дида лъазабичIого, гьес абурал рагIабаз дун вихха-хочизавуна. Дица 8-абилеб классалда цIалулаго рикIкIараб гьеб ракIалда букIиналда дир рекIелъе вас-вас рещтIана, «цеве вахъа», -янги абун, ХIамзатица дун сценаялдехун тункана. Дица гьесда гьарана цо лъикI кечI ахIулей гIадан хIажат йигилан, ва гьес, ишанги гьабун, цояй цее ахIана.

Дица гьелда абуна: *«Дун лъалхъидал, дуца цебесеб заманалъул кочIол куплет ахIе»,* -ян. Нижеца гьедин гьабун лъугIараб мехалъ, нижее халатбахъараб хъатчIвай гьабуна. Расулица, нижеда къвалги бан, «хIалчIахъадал»,- ан абуна. Гьелдаса хадуб кьурдабазде байбихьана, ва цо ясалъ Расул цеве вахъинавуна. Гьес кьурдизе байбихьарабго, ясаз гьев жидерго гориниве ккезавуна.

Огь, Расул вохун вукIараб куц! Гьесул бухари тIогърол формацин хвезабун букIана гьесда тIадчIвалеб гIарацуца.

ГIумарица артистазе баркала загьир гьабун хадусан, ниж номералде ана. Квана-гьекъеялде байбихьулеб заманалда военкомас ГIумарида абуна: *«Гьадинал бакIазда тамада вищулеб гIадат бугелъул, бокьилаан дуца гьеб гьабизе»,*-ян. Киналго гьесул пикруялда разилъана.

ГIумарица, Расулидехунги вуссун, абуна: *«Расул, мун вуго гIемераб лъалев, гIемерал бакIазде щварав чи. Бокьилаан дур гIумруялъулъ дуда дандчIварал кIиго-лъабго кополал лъугьа-бахъиназул рагIине»,* -ян.

Гьезул бицун лъугIиндал, тIобитIараб дандчIваялъухъ, Расулица нижее баркала загьир гьабуна. ГIумарицаги гьесие, киназулго рахъалдасан, баркалаги загьир гьабун, Расул рукъове щвезавизе шофёр витIана.

КватIичIого нахъе щварав шофёрас, Расулил рахъалдасан, нижее кIиго пакет бачIана. Гьезул цоялъур квана-гьекъеялъе жал, цогидалъур тIахьал ругоан.

Шофёрас дида абуна: *«Расулица, гьазда гъулбасалги гьарун, дуда гьарана берцинал рагIаби гьенир хъвай»,-ан. Гьел ругоан нижер щивасе сайгъат гьарурал тIаса рищарал асаразул 3-абилел томал. Дица гьезул щибалда хъвана Расулил гьал рагIаби:*

**«Рагье пикру бихьизе,**
**Рагье гьунар бихьизе,**
**Рагье гьитIинав инсан,**
**Гьаб цIалун, кIодолъизе»,** -ян.

Гьалбал нахъе араб заманалда военкомас дида абуна: *«Хъвадарухъабазул Союзалда цеве щварав дида гьениса къватIиве лъугьунев Расул дандчIвана. Дица гьесие бицана гьаниве вачIиналъулги «Каспий» гостиницалда нилъ чIун рукIиналъулги. Дида бичIчIана гьев кивениги гIедегIун унев гьечIеблъи, ва дица гьесда гьарана гьоболлъухъ вилълъаян. Гьевги гьелда разилъана»,* -ян.

Гьале, гьединаб букIана кIудияв шагIиргун дир ккараб иргадулаб дандчIвай. Узухъда, гьеб дир рекIелъ даималъ бессунги хутIана.

***МухIамадкамиль Загьидов,***
***Дилим росу***

# Методикиял цолъабазул данделъабазда…

Лъайкьеялъул гIуцIабазул хIалтIиялъул хал гьабулезда бихьичIого рес гьечIо гьел гIуцIабазда хIалтIулезулгIан гIемерал ва батIи-батиял данделъаби цогидал гIуцIабазда тIоритIулареллъи.



Гьел киналго рехсезе ккани, тIубараб газета гIеялдацин хIинкъиги буго. ЦIалул яги каникулазул заманалда мугIалимзабазул данделъаби тIоритIи цебего гIадатлъун лъугьун букIин лъаларелги ратизе гьечIо, щай абуни, школалда цIаличIел, ялъуни гьелъул гIумруялъулъ гIахьаллъи чIел ратиялда щаклъи букIун.

Каникулазул заманалдацин мугIалимзаби школалдаса камураб заман букIунаро. Гьел гьеб заманалда цIалул хадусеб четверталде хIадурлъулел рукIуна. Гьелда тIадеги, цин школазда цинги районалда тIоритIула предметазул методикиял цолъабазул данделъаби. МугIалимзабаз гьениб бицуна жидерго хIалтIул, ругел церетIеязул, хIалтIулъ лъикIал хIасилал кьурал хIалбихьиязул ва лъайгун тарбия кьеялъулъ раккарал цIиял къагIидабазул. Гьедин гьабиялъ, хасго гIолохъанал мугIалимзабазе, рес кьола махщел цебетIезабизеги хIалбихьиялъул рахъал лъикIлъизаризеги.

Узухъда, ЦIияб соналъул каникулаздаги рехсарал цолъабазул данделъаби тIоритIана. Гьединал тадбиразул цоялълъун рукIана, тарбия кьеялъул рахъалъ, районалъул школазул директорзабазул заместительзабазул, мугIалимзаби-психологазул ва социалиял мугIалимзабазул цолъабазул данделъаби.

Директорзабазул заместительзабазул цолъиялда кIалъарал Ибнусайир Булатхановас (Дубки) ва Маржанат Ильясхановалъ (Калининаул) гьениб бицана цIалдохъанас жинцаго лъай босиялъе квербакъиялъул, школалъ, хъизаналъ лъималазе тарбия кьеялъулъ гьабулеб цадахъаб хIалтIул, гьединго, хал гьабуна Зарбат Мациевалъ, *«Бухьеналъул кIалъаялъул балъголъи»* цIаралда гъоркь, тIобитIараб классалъул сагIаталъул.




Гьединалго тадбиралльун рукIана тIадехун рехсарал мугIалимзаби-психологазулгун социалиял мугIалимзабазул данделъабиги. Гьезда кIалъаял гьарурал Асият Шираевалъ (лицей), Лайла Билаловалъ (Калининаулалъул гьоркьохъеб школа) ва цогидалги данделъараз жидерго хIалбихьиязулгун гьез кьураб пайдаялъул бицана.

Социалиял мугIалимзабазул цолъи-- ялъул данделъиялда гIахьаллъана балугъалъиялде рахинчIезда гьоркьор ишал гьариялъулгун гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул жавабияв секретарь МуртазгIали МухIамадовги. Аслияб къагIидаялда, гьениб бицен ккана цIалдохъаби квешал пишабазде унгутIиялъе тIоритIулел профилактикаялъулал ишал тIоритIиялда сверухъ.

Гьай-гьай, рехсаралго гIадинал данделъаби цогидал предметазул методикиял цолъабазги тIоритIана.

***Сайгибат Гереханова,РУОялъул начальникасул заместитель***

*Инсан ва гІумру*

# ЖамагІаталъул баркалаялъе мустахІикъав



Зайнула СалихIович Чалухов гьаву-на 1963 соналъ Гертма росулъ. 1981со-налъ росдал гьоркьохъеб школаги лъу-гIизабун, гьес 1982-1984 соназ Советияб Армиялда рагъулаб хъулухъ гьабуна.

Армиялдаса тIадвуссун хадув, Зай-нула Дагъистаналъул росдал магIи-шаталъул институталде лъугьана, ва гьев, 1989 соналъ гьебги лъугIизабун, жидерго Чкаловасул цIаралда букIараб колхозалда батIи-батIияв хъулухъазда хIалтIана.

1999 соналъ Дагъистаналъул ракьалде законалде данде кколарел яргъидгIуцIарал гъачагъазул къокъаби рачIараб заманалда, Зайнула росдал ополчениялъул мухъилъе лъугьана ва гьесие ополчениялъул юбилеялъулаб медальги щвана.

2004 соналъ Зайнула республикаял-лъул муниципалияв гIуцIабазул Сове-талъул ревизионнияб комиссиялъул председательлъун вищана ва гьев щуго соналъ районалъул депутатазул Собра-ниялъул депутатлъунги вукIана.

2010 соналъ Зайнула *«Дагъистан Республикаялъул муниципалияб хъу-лухъалъул мустахIикъав хIалтIухъан»* абураб хIурматияб цIаралъе мустахIикъ-лъана. Руго гьесул пачалихъалъул цоги-дал медалалгун шапакъаталги.

Зайнула Гертма росдал бетIерлъун 22 соналъ хIалтIана. Гьеб хIалтIиялда гьес живго бажари бугев, жавабчилъи цIикIкIарав нухмалъулевлъун вихьи-завуна ва гьесул росдал жамагIатгун щулияб бухьен букIана.

Зайнулал гIамал-хасияталъулъ тIаде рач1аразул мурадал тIуразари бокьи букIана, гьезул гьел тIуразе гьес хIаракатги бахъулаан.

Районалда тIоритIулел данделъа-базда Зайнулаца рорхулаан жинца бетIерлъи гьабулеб росдал гIадамазда цере *«бегIерго»* чIарал суалал, ва гьел тIуразариялъе нухал ралагьулаан.

Зайнула росдал бетIерлъун хIалтIа-рал соназ тIубанго хисана росдал гьу-мер. Гьес кидаго хIалтIулъ кIвар кьолаан гIадамазе гIумру гьабиялъе санагIатал шартIал чIезариялде ва гьелъие нухалги ралагьулаан.

ЖамагIаталъе лъикIал нухал, гьар-заяб лъим, спорталъе, хIухьбахъиялъе, сахлъи цIуниялъе, лъайкьеялъе шартIал чIезариялдалъун бихьизабуна Зайнула-ца жиндирго бажариги махщелги.

Зайнулаца жиндирго хIалтIи кида-ниги рикIкIинчIо тIокIлъи бугеблъунги хасаблъунги. РакIбацIцIад хIалтIулев гьесие ничаблъун букIинчIо живго жамагIаталъул хIалтIабалъ гIахьаллъи.ги

Зайнулае, гIемерал соназ ракIба-цIцIад росдае бетIерлъи гьабуралъухъ ва *«Чапар»* газета гьоркьоб ккун, Гертма росдал жамагIаталъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулебги, щулияб сахлъигун халатаб гIумру, рукъоб талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей гьару-лебги буго.

***Гертма росдал жамагIаталъул рахъалдасан Мусакай Юнусов***



*гьабулеб бербалагьиялъухъ ракI-ракIалъулаб баркала буго районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасе ва гьесул тIадкъаял тIураялъулъ гIахьаллъулел тIолазего»,* -ян абулеб букIана бахIарзазул умумузги лъудбузги.



ДандчIвазазул ахиралда А. Абужанатовалъ Расулилги Муслимилги хъизабазе гьезул рагъухъабазул кверalъ рахъарал суратал сайгъат гьаруна.

***"Салатавия" изданиялдаса босараб***

# Цоги къватIалъе цIар кьуна




Нилъер районалда гIадатлъун лъу-гьун буго Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ бахIарчилъиги бихьизабун, гIумруялдаса ратIалъаразул цIарал къватIазе кьезе.

Гьединал тадбиразул цояблъун букIа-на 24 январалда Алмахъ росдал цо къватIалъе тIадехун рехсараб операци-ялда гIумруялдаса ватIалъарав, *«БахIарчи-лъиялъул»* орденалъул кавалер ХIажимурад Адильбиевасул цIар кьеялъул тадбирги.

Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцалов, ЖамгIияб палатаялъул председатель Икрамудин Салимханов, харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургIалиев, Па-чалихъияб Думаялъул депутатасул кумекчи Палибег Сиражданов, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, хIухьбахъиялда ругел СВОялъул гIахьалчагIи, ХIажимурадил гIага-божарал, гьу-дул-гьалмагъзаби, цIалдохъабигун *«Пlоцересезул багъа-бачари»* гIуцIиялъул хIаракатчагIи.

Тадбир рагьиялъул кIалъаялда Басир Нуцаловас абуна: *«Нилъер районалъул рагъу-хъабаз Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ бахIарчиго тIубазабулеб буго рагъулаб налъи. Жакъа нилъеца гьел чIухIигун ракIалде щвезарулелги ва гьезда цере бутIрул къулулелги руго.*

*СВОялда ругел нилъер рагъухъаби рагъулел руго ВатIаналъул эркенлъиялъе, цолъи цIуниялъе,ва нилъеца ракълилаб зобалда гьоркь гIумру гьабиялъе гIоло.*

*Районалъе нухмалъулез кинабго гьабизе буго нилъер рагъухъабазул бахIарчиял ишал ракIалдаса унареллъун гьаризе. Баркала буго ХIажимурадил эбел-инсуе, мус-тахIикъаб тарбия кьун, гьединав вас гIезавуралъухъ», -ан.*

Гьединалго кIалъаял гьенир гьаруна И. Салимхановас, Алмахъ росдал бетIер МухIудин Салаевас, П. Сиражудиновас ва мадрасалъул мутагIалим Писа Нуцалхановас.

П. Сираждиновас данделъаразе бицана ХIажимурадил эмен Падилгереца живгун ккараб гара-чIвариялда абунин дун васас къучI лъуралъе ахир лъезе унев вугоян.

Данделъиялъул ахиралда гьелъул гIахьалчагIаз мемориалияб хъарщиялда цере тIугьдул лъуна.

# Къурбановазул интернационалияб хъизан

Лъалеб букIахъе, Россиялъул Президент В.В. Путинил Указалда рекъон, 2024 сон хъизаналъул Сонлъун лъазабун буго.

Гьелда хурхун, *«Салатавия»* студиялъул хIалтIухъаби Хубар росулъ гIумру гьабун ругел ХIабиб ва Бурлият Къурбановазул интернационалияб хъизаналъухъе гьоболлъухъ щвана.



2001 соналъ Ставрополалъул краялда данделъарал магIарулав ХIабибицаги лъарагIай Бурлия-тицаги хъизан гIуцIана. Гьезул 8 лъимерги букIун буго, амма 2021 соналъ Къурбановазул лъабго сон барав васги лъагIелгун бащдаб барай ясги лъелъ гъанкъун руго.

Ккараб дандчIваялда ХIа-бибица бицана, 2022 соналъул сентябралда кIудияв вац ТIагьир цо бутIаялъулъ мобилизациялде гьоркьове ккун, Украиналда тIо-битIулеб хасаб рагъулаб операциялде ахIараб заманалда, жиндир кIудияб хъизан букIиналъул хIужаги бахчун, живги фронталде анилан.

- Ниж кIиявго, ТIагьир танкалъул механик-водительлъун, дун аскарилавлъун, цо батальоналде ккана. Цо ккараб тунка-хIусиялъулъ дир вац вукIараб танк къва-гьизабуна, ва гьесул экипаж гIумруялдаса батIалъана.

Гьелдаса хадуб, дир кIудияб хъизан букIинги лъан, рагъулаб командованиялъ дун рукъове витIана, - ян бицана ХIабибица.

# «БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ» акция

Нилъер районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул тIадкъаялда рекъон, районалда *«БахIарчиясул хъизаналъул гьоболлъухъ»* акция тIобитIулеб буго.

Гьелда хурхун, дагьал цересIан къо-яз *«Салатавия»* студиялъул хIалтIухъа-би, районалда бугеб *«Улбузул къуват»* жамгIияб гIуцIиялъул отделениялъул ку-ратор Аминат Абужанатовагун цадахъ, СВОялда гIумруялдаса ратIалъарал Ле-нинаул росулъа Расул Идрисовасулги Дилималдаса Муслим ГIалиевасулги хъизабахъе щвана.

Гьез гьалбазе бицана Расулилги Муслимилги гIумруялъул хIакъалъулъ, ракIалде щвезаруна гьезул цо-цо ишал.

*«Нижер лъимал, росал кIочонгутIи-ялъе гьарулел ишазухъ, нижедехун*

*Ленинградалъул блокада бахъаралдаса-80 сон*

# Гьаб кIочене бегьуларо

КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалдаса нилъеда лъала немцазулгун финназул аскараз, 1941 соналъул 8 сентябралдаса 1944 соналъул 27 январалде щвезегIан, Ле-нинград шагьар сверун ккун букIараблъи.



КIиабилеб дунялалъул рагъда цониги хIужа букIинчIо, гьенир ккарал лъугьа-бахъиназ гIадин, дунялалъулго гIадамазе ракIгъанцIиялъул асар гьабурал.

872 сордо-къоялъ халатбахъараб блокадаялда, гьоркьобкьотIи гьечIого, ралел бомбабаз, кьвагьулел гIарадабазул гумпарабаз, цIоройгун ракьиялъ 1 млн. цIикIкIараб къадар гIадамазул гIумруял-даса батIа гьабуна.

Доб заманалда гьенир рукIарал лъугьа- бахъиназда хурхарал суратал, хъвай--хъваял ва кинохрониказул видеороликал рихьаразда ва чорхолъ дагьабниги гIаданлъиялъул рахъ бугезда киданиги кIочене бегьуларо блокадаялъ кьурал хIасилал.

Блокадаялда хурхун, нилъер районалъул культураялъул хIалтIухъабаз, *«Бло-кадаялъул чед»* цIаралда гьоркь, батIи-батIияв тадбирал тIоритIулел руго.

***Ибрагьим Идрисов***

# ОМВД информирует…

## Уважаемые жители района!

Одной из важнейших задач, выполняемых органами внутренних дел по защите прав и свобод граждан Российской Федерации, охране общественного порядка и обеспечению общественной безопасности, является возложенная на них российским законодательством обязанность оказывать содействие избирательным комиссиям в реализации полномочий по подготовке и проведению выборов Президента Российской Федерации в 2024 году.

Полиция оказывает существенную помощь избирательным комиссиям в реализации их полномочий при подготовке и проведении выборов.

При нарушении законодательства о выборах предусмотрена административная и уголовная ответственность.

Так, главой 5 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях предусмотрено несколько составов административных правонарушений. За нарушение избирательного законодательства, виновные лица за совершение административных правонарушений несут ответственность в виде штрафа, в том числе:

-правонарушение, предусмотренное ст. 5.8. КоАП РФ (нарушение предусмотренных законодательством о выборах и референдумах порядка и условий проведения предвыборной агитации, агитации по вопросам референдума на каналах организаций, осуществляющих теле- и (или) радиовещание, и в периодических печатных изданиях), влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до двух тысяч пятисот рублей; на должностных лиц - от двух тысяч до пяти тысяч рублей; на избирательные объединения, на иных юридических лиц - от двадцати тысяч до ста тысяч рублей.

-правонарушение, предусмотренное ст. 5.10. КоАП РФ (проведение предвыборной агитации, агитации по вопросам референдума вне агитационного периода и в местах, где ее проведение запрещено законодательством о выборах и референдумах), влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от пяти тысяч до двадцати тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от ста тысяч до пятисот тысяч рублей.

-правонарушение, предусмотренное ст. 5.11. КоАП РФ (проведение предвыборной агитации, агитации по вопросам референдума лицами, которым участие в ее проведении запрещено федеральным законом), влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до одной тысячи пятисот рублей; на должностных лиц - от двух тысяч до трех тысяч рублей; на юридических лиц - от двадцати тысяч до тридцати тысяч рублей либо наложение административного штрафа на граждан в размере от пяти тысяч до двадцати тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от ста тысяч до пятисот тысяч рублей.

-правонарушение, предусмотренное ст. 5.12. КоАП РФ (изготовление, распространение или размещение агитационных материалов с нарушением требований законодательства о выборах и референдумах), влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от пяти тысяч до двадцати тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от ста тысяч до пятисот тысяч рублей. Кроме того, общественно опасные деяния, причиняющие значительный вред охраняемым общественным отношениям в сфере организации и проведения выборов, влекут уголовную ответственность.

Так, совершенное преступление, предусмотренное ст. 141 УК РФ (воспрепятствование осуществлению избирательных прав или работе избирательных комиссий), в зависимости от тяжести, наказывается:

-штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период до шести месяцев, либо обязательными работами на срок до трехсот шестидесяти часов, либо исправительными работами на срок до одного года;

-штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период от одного года до двух лет, либо обязательными работами на срок до четырехсот восьмидесяти часов, либо исправительными работами на срок до двух лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до пяти лет;

-штрафом в размере от двухсот тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период от одного года до трех лет, либо принудительными работами на срок до четырех лет, либо лишением свободы на срок до четырех лет со штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период до шести месяцев либо без такового.

Также, за преступление, предусмотренное ст. 142 УК РФ (фальсификация избирательных документов, документов референдума, документов общероссийского голосования), в зависимости от тяжести, последует наказание в виде:

-штрафа в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период до двух лет, либо принудительными работами на срок до четырех лет, либо лишением свободы на тот же срок;

-штрафа в размере от двухсот тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период от одного года до трех лет, либо лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок от двух до пяти лет, либо принудительными работами на срок до трех лет, либо лишением свободы на тот же срок;

-штрафа в размере от двухсот тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода, осужденного за период от одного года до трех лет, либо лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок от двух до пяти лет, либо принудительными работами на срок до трех лет, либо лишением свободы на тот же срок.

*Спорт -инсанасул сахлъи*

# Эркенаб гугари

19-20 январалда Хасавюрт шагьаралда 2007-2008 соназда гьарурал спортсменазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул чемпионат тIобитIана.



Гьел къецазда, 71 кг. цIайиялда, чемпионлъул Муса ГIазаевасул спортшколалдаса АхIмад Улубиев вахъана. Гьелго къецазда, 65 кг. цIайиялда, лъабабилеб бакIалде МухIамад Асирдинов вачIана.

Гьезул тренерлъун ГIалисултан Качалаев ккола.

# Ислам КъурахIмаев-чемпион

16-17 январалда Грозный шагьаралда тIоритIана 16 сонил гIумруялде рахинчIезда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ СКФОялъул чемпионат.



Муса ГIазаевасул спортшколалдаса гIолохъанав гугарухъан Ислам КъурахIмаев гьенив чемпионлъун вахъана.

*«Телеграмм»* сайталъ гьабураб цIех-рехалда рекъон, Ислам гьеб чемпионаталъул бищунго лъикIав гугарухъанлъун рикIкIунев вуго.

Исламил тренераллъун АтавхIажи ГIамиев ва МахIмуд Гъазиев ккола.

# Бокс

Гьаб соналъул 15-21 январалда Буйнахъск шагьаралда тIобитIана 17-18 ва 19-22 соназул боксеразда гьоркьоб Дагъистаналъул чемпионат.

Гьел къецазда Муса ГIазаевасул спортшколалдаса боксер Юсуп Юсуповас лъабабилеб бакI босана. Юсупил тренерлъун Салисби Набиев ккола.

***Насрула Алиукъаев***

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз, Калининаул росдал школазул коллективаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Сулайман Сулановасда, хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда, вац

**Суслан**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

**БетIерав редактор:**
И.Б. Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З.ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А. АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул адрес:
РД, Казбек район,
Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**